



# Bush Pump Cylinder (Shona) Replacement

Use this guide to replace the cylinder.



Written By: iRobot



## INTRODUCTION

This guide will show you how to remove the cylinder that encases the traveling valve and foot valve.

## Step 1 — Head and Handle (Shona)



- Ona kuti pombi inoshanda zvakanaka sei nekupomba kwemakumi mana.

☑ Pombi inoshanda zvakanaka inofanira kudira mvura inosvika marita gumi.

## Step 2




- Bvisa mapini maviri akabatanidza mubato nechinofambisa mubato.

### Step 3



- Dhonza mibato miviri kubva kune chinofambisa mubato.

### Step 4



- Simudza mapini maviri akabatanidza pombi kumusoro nemubato, kubva papombi.

## Step 5



- ❗ Mudanho rino rose, ona kuti watsigira mubato nemusoro nemaoko matatu kana kupfuura.
  - Buritsa chimutanda chejoinhi kubva muchimusoro.
- ❗ Wongorora chimutanda chejoinhi nemusoro kuti hazvina kusakara kana kukuvara here.

## Step 6



- Bvisa musoro nemubato wozviisa panzvimbo yakachena kuti zvisabate utachiona

## Step 7 — Riser Main Slider (Shona)



- Simudza mubato mukuru unosimudza pombi zvine simba nemaoko maviri.

⚠ Chenjerera kuti usadonhedze mubato mukuru unosimudza pombi, nekuti izvi zvinogona kukuvadza humburumbira

## Step 8



- Shandisa chipanera chepombi kusunungura pombi inotakura mvura yepamusoro.

## Step 9



- Simudza mubato unosimudza pombi nepombi refu.
- Tenderedza simbi inobata chimutanda chepombi pachimutanda, uye chisunge zvine simba pachimutanda chepombi.
- Dzikisa pombi refu nemubato unosimudza pombi kuti ugare pane chinobatisa pombi zvakanaka.

## Step 10



- Sunungura ubvise bhaudhi rinobata chimutanda chepombi nebhaudhi rechimutanda chepombi pamusoro pemitanda unosimudza pombi.

## Step 11



- Bvisa mubato mukuru unosimudza pombi, uye ongorora kuti haina kubvaruka kana kuchembera here.
- Isa mubato unosimudza pombi panzvimbo yakachena kuitira kuti usabate utachiona.

## Step 12 — Above Grade Riser Pipe (Shona)



- Bvisa pombi inotakura mvura yepamusoro.
- Sungirira mubato wakaita saT pamutanda wepombi.
- ❗ Kana uri kuchinja pombi yemvura yepamusoro, siya mubato wakaita saT uripo kusvikira wave kugona kuisa nhengo yekutsiva nayo.

## Step 13 — Spout (Shona)



- Shandisa chipanera chepombi kusunungura nekubvisa muromo wepombi.
- ❗ Wongorora muromo kuti hapana zvakavhara kana zvingangokonzera utachiona.
- Isa muromo panzvimbo yakachena kuti usabate utachiona.

## Step 14 — Riser Main (Shona)



- Isa chipanera pamusoro perimwe remabhaudhi emubato unosimudza pombi.
- Tenderedza chimwe chipanera pazasi pebhaudhi.
- Patsanura zvipanera kuti usunungure bhaudhi.
- ❗ Dzokorora maitiro aya pane mabhaudhi matatu asara.

## Step 15






- Bvisa manatsi mana nemabhaudhi akabata mubato unosimudza pombi, uye uzvichengete muchinhu chisina utachiona chakaita semugoro.

## Step 16




- Tenderedza chivharo chepombi kusvika pamadhigiri makumi mana nemashanu. Izvi zvinokugonesa kuti ubate zvakanaka chivharo paunochisimudza.

## Step 17



- Nyatsosimudza zvakanaka mubato wakaita saT kwemainjisi akawanda.
- Vamwe vanhu vaviri vakatsigira mubato wakaita saT, bvisa simbi inobatiswa nayo mubato wepombi.
- Dzikisa mubato wakaita saT zvinyoronyoro kusvikira mubato wepombi wave kumira wega.

## Step 18



- ① Pombi iyi inoshandisa chinotsigira chine makumbo matatu (tiraipodhi) pamwe nezvinodhonza netambo kusimudza pombi refu. Zvipanera zvakaita saC zvinogona kushandiswawo kusimudza pombi refu
- Nyatsosunga zvakanaka chinosimudzira pombi yemvura kumubato mukuru pasi pemuromo.

## Step 19



- Wakachenjerera kuti tambo isatsvedze, shandisa zvinodhonza mubato netambo kusimudza pombi refu kusvikira zvinosimudza pombi zvasvika pane zvinodhonza netambo.

## Step 20



- Kana pombi refu yasvika pane zvinodhonza netambo, sunga simbi inosunga nechepasi papombi refu

## Step 21



- Batisa simbi inosungiswa pasi kumubato uchishandisa bhaudhi.
- ❗ Bhaudhi rimwechete kazhinji rakakwana kuchengetedza simbi inosungiswa pasi panzvimbo, asi unogona kushandisa rimwe bhaudhi kana uchida kunyatsochisimbisa.

## Step 22



- Wakatsigira pamusoro pepombi, nyatsofambisa chinosunga chinosimudza kubva papombi.
- Dzikisa chinosunga chinosimudza pombi uchidzvanya nechepasi kuti tambo dzisasungane pane zvinodhonza.

## Step 23





- Isa nekusunga chinosunga chekusimudzisa kumubato unosimudza pombi kusvika pasi pasi.

## Step 24



- Kana chinosunga chekusimudzisa chanyatsosunga, sunga tambo zvine simba.
- Wakadhonza tambo kutsigira mubato unosimudza pombi, sunungura chinosunga chepasi.

## Step 25



- Shandisa tambo kudhonza nekusimudza mubato unosimudza pombi kusvika panokwanisika.

⚠ Iva nechokwadi kuti tambo iri mutiraipodhi kuti isadonhe.

⚠ Cherechedza pamusoro petiraipodhi kuti uone kuti pombi refu yanyatsopinda munzvimbo yekutsigira.

## Step 26



- Bvisa simbi inosungiswa kubva papombi refu, wodzokorora matanho kubva pamakumi maviri netatu kusvika makumi maviri neshanu kusvikira joinhi yekutanga yave kuoneka.

## Step 27



- Kana joinhi yekutanga yave kuoneka, sungisa simbi inosungiswa pasi pazasi pejoinhi.

## Step 28



- Bvisa simbi inosungiswa chokusimudzisa kubva pamubato mukuru, wonyatsobatanidza kutiraipodhi kuti isuduruke.

## Step 29



- ❗ Chengeta chipanera chepombi mainjisi mashoma pamusoro pejoinhi padanho rino.
- Uchishandisa chipanera, sunungura chidimbu chekutanga chepombi refu kubva pachakabata.

## Step 30



- Nyatsovhara pajoinhi kuti mvura isapfachuke kubva nepanobatana simbi kana dzapatsanurwa.
- Uchishandisa chipanera, sunungura pombi refu kusvikira mvura yatanga kupfachuka ichimwaya kupinda mune chinodzivisa mvura kupfachuka.
- ❗ Usarambe uchisunungura kupfuura ipapo kusvikira mvura yamira kupfachuka.

## Step 31



- Bvisa chinovhara mvura kuti isapfachuke, wopedzisa kusunungura pombi refu.
- Bvisa chidimbu chekutanga chepombi refu nekuchisimudza chakamira mudenga, wakachitsigira pamusoro pechidimbu chacho uye uchiramba wakachiisa mugomba rinochitsigira pamusoro petiraipodhi.

## Step 32




- Kohekera nekusunga chekusungisa mutanda mainjisi mashoma pazasi pepanobatana mutanda wepombi wekutanga.

## Step 33



- Uchishandisa chipanera chinokwana pakawanda, sunungura mutanda wepombi kubva pachikamu chasara.
- Kana joinhi raganurwa, nyatsodzikisa pombi refu pasi.

## Step 34



- Nyatsodzikisa pombi refu, yakatambarara, woiisa panzvimbo isina hutachiona, kana zvichigona zvakagara panzvimbo yakakwirira kudzivirira kubata hutachiona.

## Step 35



- Bvisa mubato wakaita saT kubva mutanda wepombi waganurwa.
- Kohekera mubato wakaita saT kumutanda wepombi wasara.
- ① Bvisa simbi inosungiswa kubva papombi refu, wodzokorora matanho kubva pamakumi maviri nepfumbamwe kusvika makumi matatu neshanu kusvikira pombi refu yabva yose, kana kuti kusvika chikamu chakadamburwa chasvikwa.

## Step 36 — Cylinder (Shona)



 Iva nechokwadi kuti humburumbira haiende pasi kudzivirira hutachiona

## Step 37



- Uchishandisa zvipanera zviviri zvepombi, sunungura humburumbira kubva papombi refu.

## Step 38



- Donza humburumbira yacho zvinyoronyoro kubva pamutanda wepombi, uchiisa pachena vharuvhu yekumusoro nevharuvhu yepasi pemugodhi wemvura.

Kuti ubatanidze mudziyo wako, tevedzera mirayiro uchitanga nekwekupedzesera.